

**PANGAJARAN NGANALISA STRUKTUR TÉKS EKSPOSISI
NGAGUNAKEUN METODE KNOW-WANT TO KNOW-LEARNED DI
KELAS X SMK YASPIF CIBUAYA TAUN AJARAN 2020/2021**

Ku

**Rida
NIM 165030015**

RINGKESAN

Nganalisa téks ngarupakeun kagiatan panalungtikan, mariksa, atanapi nalungtik téks atanapi wacana. Maksud panulis pikeun mikanyaho kamampuan murid dina nganalisa struktur téks eksposisi. Metodeu panalungtikan anu digunakeun panulis nyaeta kuasi eksperimen. Anapon hasil panalungtikanna nyaeta: (1) panulis mampuh ngarancang, ngalaksanakeun, jeung nganilai pangajaran nganalisa struktur téks eksposisi ngagunakeun metode Know-Want to Know-Learned. Ieu dibuktikeun tina ajén perencanaan pangajaran pikeun meunangkeun nilai rata-rata 3,88 di kelas eksperimen jeung ngahasilkeun nilai 3,88 di kelas kontrol. Pelaksanaan pangajaran ngahasilkeun nilai rata-rata 3,95 di kelas eksperimen jeung 3,8 di kelas kontrol. Jadi, bisa disebut yen panulis miboga ajén anu asup kana kategori A (pohara alusna); (2) murid kelas X SMK Yaspif Cibuaya mampuh nganalisa struktur tek eksposisi. Hal ieu dibuktikeun di kelas eksperimen kalayan nilai rata-rata pretes 59,83 jeung nilai rata-rata postes 82,33, sedengkeun hasil pretes nilai rata-rata di kelas kontrol 49,33 jeung nilai rata-rata postes 76,60; (3) metode Know-Want to Know-Learned efektif digunakeun dina nganalisa struktur ték eksposisi. Hal ieu bisa dibuktikeun ku hasil data uji man whitney anu nuduhkeun hasil Asymp.Sig. (2-tailed) 0,000 nu hasilna leuwih leutik tina nilai 0,05 maka hipotesisna ditarima. Hartina metode Know-Want to Know-Learned efektif dina pangajaran nganalisa struktur ték eksposisi dibandingkeun sareng metode ceramah; (4) ayana perbedaan kamampuan hasil diajar murid kelas X SMK Yaspif Cibuaya dina pangajaran nganalisa struktur ték eksposisi ngagunakeun metode Know-Want to Know-Learned. Hal ieu bisa dibuktikeun dina hasil uji wilcoxon nyaeta Asymp.Sig. (2-tailed) 0,000 < 0,05 anu hartina hipotesis ditarima (ha ditarima). Jadi, bisa dicindekkeun yen ayana paningkatan hasil diajar murid kelas X SMK Yaspif Cibuaya dina pangajaran nganalisa struktur tek eksposisi.

Kecap konci: nganalisa, tek eksposisi, Know-Want to Know-Learned.